

Yo bay menm verite ak menm l-myè. Pami kèk Mesaje Bon Dye, nou konnen:



Mesaje Bon Dye pou epòk n'ap viv la se Bahá'u'lláh (ki vle di glwa Bon Dye).

Bon Dye voye Li pou ini lemonn.

**Báb-la** (ki vle de Pot-la) te yon Mesaje Bon Dye te voye pou pare pèp yo pou yo resevwa Baha'u'llah-

**Bahá'u'lláh** (ki vle di glwa Bon Dye) te vini pou etabli lapè ak initiate-pami tout pèp yo. Li te soufri ampiлизé egzil ak pwizon pou lezòm vin libere-

'Abdu'l-Bahá (ki vle di sèvitè Bon Dye) te premye pitit Bahá'u'lláh. Bahá'u'lláh te di nou pou nou swiv ak obeyi 'Abdu'l-Bahá lè papa li va mouri. Li se pi bon modèl nou swiv nan la vi nou.

## Administrasyon

Bahá'u'lláh te kite yon plan pou tou lèzom vini inifye.

Plan sa-a rele *Ord Mondyal Bahá'u'lláh*. Plan sa a bay tout moun, ni nan plan lokal, ni nan plan nasyonal, ni nan plan intènasyonal yon chans pou patisipe ladan.

Plan lokal rele *Asamble Espirituel Lokal*. Gen Bahá'í nan Asamble Espirituel Lokal la ki okipe tout zafè kominote yo.

Bahá'u'lláh vle tout Bahá'í yo obeyi desizyon Asamble Espirituel Lokal pa yo.



## Kek lwa Bahá'í

Bahá'u'lláh di nou pale mal sou lòt moun.

Nou dwe anseye mesaj la Fwa Bahá'í a lòt moun yo.


Nou dwe fè lapryè chak jou.

## Priyè obligatwa

(moun nan pou resite li yon fwa pa jou ant midi ak lè solè y kouche.)

*Mwen temwen, O Bon Dye, Ou kreye mwen konnen Ou ak pou mwen adore Ou. Mwen kwè kounye ya mwen pa gen pisans, Ou genyen pouw-wa; mwen pòr, Ou rich. Pa gen lòt Bon Dye pasè Ou, Ou menm ki sekoure nan danje, Ou menm ki egziste pou kont Ou.*

- *Bahá'u'lláh*



Bahá'í Temple,  
près de Chicago

## Gerzon

Non Ou se gerizon mwen, O Bon Dye; lè mwen sonje Ou, mwen jwenn remèd mwen. Vwazinaj Ou se sèl espwa mwen, lamou mwen pou Ou se konpayon mwen. Mizèrikòd Ou se gerizon mwen ak soutyen mwen nan lemonn sa a ak nan lòt monn nan tou. An verite nan tou. An verite, Ou se Bon Dye ki gen tout bonte, a ki konnen tout bagay, ka gen tout sajès la.

*-Bahá'u'lláh*

## Difikilte

Ki lòt moun pasa Bon Dye kapab fè difikilte disparèt?

Di: Lwe Bon Dye. Se Li menn sèl ki Bon Dye. Nou tout se sèrvitè Li, epi nou tout se sou komannman Li nou ye.

*- Le Báb*

## Aswe


O Bon Dye, Mèt mwen, Ou mwen desire a! Men sèrvitè Ou ki pral domi anba lonbraj mizerikòd Ou, ki pral repoze anba syèl gras Ou a, ki ap rele Ou pou veye li, pou pwoteje li. Mwen lapriyè Ou, O Gran Mèt mwen. Je Ou pa janm dòmi; anpeche je mwen gade pèsonn lòt pase Ou menm. Fòtifye pouvwa yo you fason pou yo pèmèt mwen rekonèt siy Ou yo, pou mwen kontanple revelasyon Ou an. Se Ou menm ki gen tèlman pouvwa, lè Ou parèt, Ou sekwe tout pouvwa. Pa gen lòt Bon Dye pase Ou, Ou menm ki genyen tout pisans, ki soumèt tout bagay, ki pafè.

*- Bahá'u'lláh*

For more information:

1-800-22UNITE

<http://www.bahai.org/>



# La Fwa Bahá'í

---

---

Nan la Fwa Bahá'í, nou kwè gen yon sèl Bon-Dye. Se li kit e kreye tout bagay ak tout moun.

Bon Dye viye kote nou Pwofèt ak Masaje yo. Lè nou koute yo, nou koute vwa Bon Dye. Tout Pwofèt ak Mesaje yo soti nan menm Bon Dye.

---

---